

# Konkou Kreyativite



Dezyem Endepandans





**Kisa ki Dezyem Endepandans lan?**

# Kisa ki Dezyem Endepandans lan?

Li revyen a ou menm pou defini kisa Dezyem Endepandans lan ye pou ou.

Si nou paka di w kisa li ye, nou ka ba w kalifikatif li.

Dezyem Endepandans lan son mouvans sosyal e politik ki **PATISIPATIF**, e ki **ENTENASYONAL**. Mouvans lan reyini Ayisyen tout kote nan diaspora ak an Ayiti. Gras ak Teknoloji Entènèt yo, Ayisyen nan tout mond lan k ap fè tèt-ansanm, pou fè travay sila ka konekte a distans. Se pou sa nou di Dezyem Endepandans se **eksperyans demokratik online**.

Ideyoloji se yon fason moun konprann bagay yo. Ideyoloji a **andojèn**. Se MANM ak Senpatizan mouvman ki Defini prensipid ideyolojik ak direksyon mouvman an. Yo tout soti Ayiti. Sa ke nou pa ka di de divès lot ideyoloji ak mouvman sosyo-ekonomi, politik - tankou Maxism-Lenism, Communis, Capitalis, Maoism, elt. **KONKOU SLOGAN** rantre nan dinamik patisipatif e **ANDOJÈN** mouvman Dezyem Endepandans lan.

# Apèsi

Dezyem Endepandans bezwen yon bon SLOGAN. Pou sa, Komite Santral Dezyem Endepadans lan ap oganize yon konkou Kreyatif-Odyovizyèl.

Konkou slogan Dezyem nan louvri a tout moun k ap swiv paj Dezyem Endepadans lan sou Facebook, Twitter ak YouTube. L ap dewoule sou entènèt - atrave rezosoyo yo, espesyalman Facebook, Twitter ak YouTube.

Konkou a ap gen de (2) tou ladan l: Yon premye tou, kote Jiri a ap chwazi 10 finalis yo sou baz vot anliy yo ( like, love,comment, view ). Konkou a ap g'on dezyèm tou, kote manm jiri yo ansanm ak piblik la va chwazi moun ki gen pi bèl slogan an.

Tout patisipan yo dwe ranpli [Fòmilè Enskripsyon](#) sa. Tout patisipan yo dwe konekte jou anons anliy kab bay (10) finalis yo ki se (Live) Semi Final la, ak jou Final (Hybrid) la.

# Etap ki enpòtan nan Konkou a

## ENSKRIPSYON

**20 Dawout- 30 Septanm**

- Renmen Paj Dezyem Endepandans lan (facebook, Twitter, YouTube)
- Ranpli [Fòmilè Enskripsyon](#)
- Prepare videyo Slogan dezyem endepandans ou an.
- Patisipe nan yon Sesyon Kesyon-Repons online (opsyon).

## POSTING

**25- Septanm - 22 Oktòb**

- Fe yon post piblik sou Facebook oubyen Twitter ki gen “Eslogan’w” lan ladann.
- Tag Dezyem Endepandans
- Voye **Fichye Rezilta** yo bay EKIP lan k’ap gen (lyen post ou an)

## Semi-Final (Live)

**23 Oktòb 2022**

- Prezan jou Live
- Envite zanmi/fanmi vinn sipote SLOGAN w lan.
- Entegre gwoup whatsapp rezotaj 10 finalis yo
- Defann slogan lan live, ak reponn kesyon jiri a.

# FINAL

Hybrid: Kenskòf/ Live online  
ant 10 finalis yo.

18 NOVANM 2022



# Prime

- 50.000 Goud
- Yon LapTop Apple
- T-Shirt
- Sètifika kòm AMBASADÈ Entènasyonal Dezyem Endepandans.

# Final KONKOU SLOGAN DEZYEM ENDEPANDANS

- Final la ap fè Kenskòf. Pou rezon sekirite, n ap kominike non espas lan ak finalis yo sèlman.
  - Final la ap live sou Facebook ak YouTube.
  - Moun ki gen slogan ki plis vibre a ap genyen konkou a.
  - Fòk ou prezan jou final la pou w ka genyen konkou a.
  - Plis fann ou gen nan final la anba Live la, plis chans ou genyen.
-



# **Objektif Prensipal Konkou**

**a:**

**Yon slogan ki makonnen ak  
ideyoloji Dezyem nan, e ki  
mache nan san pep Ayisyen an.**

# Lot Objektif

## Objektif 1

- Pwomosyon paj rezo sosyo Dezyem Endepandans yo.
- Popilarize vizyon ak filozofi asosyasyon Dezyem Endepandans lan nan lespri jenn yo an Ayiti an patikilye.
- Enkli piblik la nan yon nouvo eksperyans demokratik online.

## Objektif 2

- Ede yon jenn jwenn aksè ak materyel Didaktik epi ba li sipo finansyè pou etid li oubyen pwojè pwofesyonèl li.
- Envite jenès la pou koute ideyoloji ak vizyon Dezyem Endepandans lan.

# Prim pou Patisipan yo

- Yon Computer
- Yon Valiz etidyan
- Mayo Dezyem Endepandans
  - 50.000 goud

# Kondisyon pou w ka patisipe

## Idantite

- Fòk moun se Ayisyen
- Aje ant 16 ak 40 lane
- Fòk ou son Follower Dezyem Endepandans

## Zone/Aksè

- Fòk w ap viv an Ayiti
- Fòk ou gen aksè ak yon Telefon entelijan epi aksè ak bon entenet.

## Ideyoloji

- Li kek bagay sou Dezyem Endepandans
- Gade Videyo fomasyon sou Dezyem Endepandans. Osinon li ideyoloji a.

## Eta Nanm

- Fòk moun nan patisipe ak tout konsyans li
- Fòk moun nan gen konviksyon ak volonte ladan l'.

# KALITE SLOGAN AN

- Fasilman MOMORIZAB
- Fòk li fè APÈL a EMOSYON epi ADRESE piblik Dezyem Endepandans lan
- Fòk li MACHE AK IDEYOLOJI Dezyem Endepadans lan
- Fòk li METE MAK LA AN VALÈ
- fòk slogan ENTANPORÈL
- Fòk li DIFERANSYE Dezyem Endepandans de lot asosyasyon politik tradisyonèl yo
- Fòk slogan rasire moun yo.

# Aktivite ak Dat enpòtan:

**Delè - 30 Septann**

**Enskripsyon**

**Delè - 22 Oktòb 2022**

**Posting/ videyo**

**Delè - 22 Oktòb 2022**

**Resepsyon lyen video patisipan yo pa email**

**Delè - 22 Oktòb 2022**

**Fen Vòt anliy ( like,love,view,comment ) 24: 00 am**

**23 Oktòb 2022**

**Anons 10 finalis / Live Facebook 6 : 00 pm**

**24 Oktòk 2022 - 17 Nov 2022**

**Relansman Vòt anliy ( pou 10 finalis yo)**

**18 Novanm 2022**

**Final, Kenskoff / Live Facebook (ak 10 Finalis yo)**

# Tip de Kesyon pou finalis yo?

Jan de kesyon Jiri an ap gen pou finalis yo gen avwa ak Ideyoloji Dezyem Endepandans lan.

Pou plis enfo sou ideyoloji a, konsilte:

- Bilten [Kesyon & Repons](#)
- Paj Dezyem Endepandans lan [www.endepandans.com](http://www.endepandans.com)
- 10 [Kòmandman](#) yo
- [Gran Evidans/Premis baz ideyoloji Dezyem Endepandans lan](#)

# Kanpay ( sa'w ta renmen pou yon 2zyem endepandans)

Tout postilan yo gen chwa reponn ak younn nan kesyon sa yo nan yon kout video pou sipote kanpay Dezyem Endepandans lan (pa plis ke yon minit)

- Nan ki sans ou panse yon mouvman Dezyem Endepandans ka tounen yon motè devlopman pou tout ti jèn Ayisyen kapab jwenn travay?
- Poukisa dAprè wou Dezyem Kòmandman Dezyem Endepandans lan di: tout moun dwe manje?
- Kijan w konprann solidarite? Kouman l ka ede nou bati yon sosyete ki plis egal ego?
- Kijan yon moun ka manifeste lanmou li pou peyi li? Ki aksyon li ap fè? E ki aksyon li pa fè, pa egzanp?



# Kanpay ( sa'w ta remen pou yon 2zyem endepandans)

- Kijan w panse Dezyem Endepandans la ka bay ase dwa a edikasyon pou tout moun?
- Nan ki domèn teknolojik ou panse nou menm Ayisyen ka develope? Pou rezoud ki pwoblèm?
- Pouki w panse li enpòtan pou n bay Goud la jarèt pou l rejwenn valè li?
- Eske w panse yon Dezyem Endepandans ka ponn yon mirak ekonomik an Ayiti: 1ye mirak ekonomik mondyal pou 21yèm syèk lan? Si wi, kijan? Sinon, kijan?

# Prensip Vòt yo

Yon view  $\implies$  1 vòt

Yon Like  $\implies$  2 vòt

Yon Love  $\implies$  3 vòt

Yon pataj  $\implies$  4 vòt

Yon Komantè  $\implies$  5 vòt

Vòt piblik la/fan yo konte 100% pou semi final la.

Vòt piblik la/fan yo konte 50 % pou final la. Lòt 50% se jiri a.

# Apwopo Dezyem Endepandans

Dezyem Endepandans se yon asosyasyon politik ak sosyal ki regwoupe kominote Aysisyen ki nan dyaspora a ansanm ak sitwayen Ayisyen ki rezide an Ayiti. Se regwoupman ENTENASYONAL.

Asosyasyon Dezyem lan vle devlopman ekonomik, politik ak soyokiltirel anndan peyi d'Ayiti. Se pou sa, misyon Dezyem nan an jeneral se remanbreman mantal ak fizik, epi mobilizasyon - pep Ayisyen an pou developman andogen e dirab peyi a, ti jwèt non: Dezyem Endepandans.

Paj Offisyèl Komite Dezyem Endepandans lan yo se:

[www.endepandans.com](http://www.endepandans.com)

[Twitter: @Dezyem](https://twitter.com/Dezyem)

[www.facebook.com/2zyem](https://www.facebook.com/2zyem)

[YouTube: Dezyem Endepandans](https://www.youtube.com/DezyemEndepandans)

# Apwopo Ideyoloji Dezyem nan

- Gen 3 Premiz de baz nan ideyoloji Dezyem nan. Premiz yo se rezon pouki nou vle fè yon Dezyem Endepandans:
  - Konsta de depandans total kapital Ayisyen yo ak Ayiti (Aktyèl)
  - Konsta inachevman revolisyon 1804 la e egzistans 2 nasyon sou teritwa: nèg an wo ak nèg anba.
  - Pwomès libyenèt tout moun nan yon peyi devlope (Konfyans nan pwomès sa)
- Pilye Ideyoloji a se 10 Komandman yo. Yo se bousòl kap menmen pèp Ayisyen sou chimen Bel-Ayiti a- Tè Pwomiz la. Ansanm nou rele yo: **Manifèsto Dezyem Endepandans** lan. 10 Kòmandman yo se: *Koute. Manje. Renmen. Kreyòl. Salidarite. Teknosyans. Grandètmajè. Goud la. Leadership Kolektif. Konfyans.*
- 10 Kòmandman yo sevi kòm baz pou elaborasyon politik mouvman, prensip etik yo ak prensip jeneral ki pou mennen pèp Ayisyen an sou wout Dezyem nan. Li epi koute 10 **Kòmandman** YO.

# Objektif Mouvman Dezyem Endepandans lan

Dezyem Endepandans se premye mouvman Ayisyen ki ne anliy. Se premye eksperyans de gouvènans politik demokratik online ki fèt an Ayiti. Ou ka jwenn objektif jeneral mouvman Dezyem Endepandans lan nan SÈMAN PATRYÒT TOU-NÈF YO, ki se pwomès tout manm Dezyem lan fè lè yo ap rantre nan mouvman.

*“M pwomèt pou m renmen peyi m, Ayiti, e pou m travay pou avansman l; pou m travay pou DEVELOPMAN KÒ ak Developman moun, otonomi moun ak endepandans peyi, nan Dezyem nan, pou Dezyem nan, avèk Dezyem nan.”*

Yon PATRYÒT TOU-NÈF.

# Metodoloji Mouvman Dezyem Endepandans lan

Li fasil pou yon moun rekonèt Metodoloji Dezyem lan nan fason manm Dezyem yo salye youn lòt, nan fason yo fini konvèsasyon yo ak diskou yo. Yo toujou itilize yon fraz, ki se: Tèt-ansanm. Ki parèt nan 9 Kòmandman: Leadership Kolektif.

Metodoloji Dezyem nan PATISIPATIF. Li pran konesans de baz ak naratif moun yo konnen deja. Se pou sa, an Anglè moun konn di, se yon metodoloji Bottom-up. Ki vle di: dezisyon, nòm yo, dekoròm, tout sa ki konstitiye pati a soti nan imajinasyon popilè a, ak nan sa moun yo konnen epi aksepte deja kòm verite.

# Link/ Lekti ki enpòtan

- [10 Kòmandman pou yon Dezyem Endepandans](#)
- [Soyons Verts, Tech et intelligents!](#)
- [Tousen sant batay pou libète](#)
- [Ann Aprann koute](#)
- [Kòmandman Manje: Yon Kòmandman pilye](#)
- [Kisa ki nan Kalbas la?](#)
- [Fòmilè Enskripsyon](#)



# DEZYEM ENDEPANDANS

